



Transfè Konpatibilite pou Verifikasyon Antesedan

Nimewo Dosye a/Plan an: BRC-2025-02

Dat Li Pibliye: 15 Oktòb, 2025

Dat Li Kòmanse: 15 Oktòb, 2025

Aplikabilite: Tout Kandida Verifikasyon Antesedan yo nan EEC (BRC)

ENFÒMASYON DEBAZ

Depatman Edikasyon ak Swen/Gadri pou Timoun Piti yo (EEC) fè yon Verifikasyon Antesedan (BRC) pou tout moun k ap chèche yon afilyasyon oswa yon travay ak yon pwogram ki gen lisans, apwouve oswa finanse pa EEC. Pwosesis sa a enkli fè yon demann, resevwa ak evalye enfòmasyon nan men ajans yo, tankou Sèvis Enfòmasyon Depatman Jistis Kriminèl Massachusetts (DCJIS); Depatman Timoun ak Fanmi Massachusetts (DCF); Manm Konsèy Rejis Delenkan Seksyèl Massachusetts (SORB); Rejis Nasyonal Delenkan Seksyèl (NSOR); baz done anprent dijital nan eta a ak nasyonal; ansanm ak tout rejis, baz done ak depo dosye kriminel, byennèt timoun ak delenkan seksyèl ki enpòtan nan eta ak nasyonal.

Aprè yon kandida fin konplete tout eleman obligatwa yo nan pwosesis BRC EEC a, EEC konkli si kandida a "apwopriye" oswa "pa apwopriye" pou wòl oswa afilyasyon l ap aplike pou li a. Sa a rele "Detèminasyon Final sou Konpatibilite" yon kandida.

Règleman sa a dekri sikonstans kote EEC ka transfere detèminasyon final la sou kalifikasyon yon kandida lè l ap chanje wòl/òganizasyon aktyèl li a pou l ale nan yon nouvo wòl/òganizasyon.

OTORITE

- 606 CMR 14.04: Definisyon
- 606 CMR 14.08: Pwosesis Tretman Demann Verifikasyon Antesedan Dosye Kandida yo
- 606 CMR 14.09: Soumisyon ak Frekans Verifikasyon Antesedan Dosye a
- 606 CMR 14.13: Provisional Rekritman Pwovizwa ak Kondisyonèl, Detèminasyon Final sou Konpatibilite ak Transfè Konpatibilite

DEFINISYON

Nan objektif règleman sa a, nou itilize definisyon sa yo:

- **Pwogram oswa Moun ki Afilye:** Yon pwogram oswa yon moun ki gen yon asosyasyon regilye avèk yon pwogram ki gen lisans, apwouve, oswa finanse pa EEC atravè yon travay, yon kontra, oswa yon akò enfòmèl avèk pwogram nan oswa paran yo nan objektif pou bay sèvis nan non Pwogram nan oswa pou yon timoun ki prezan. Pafwa yo rele yo yon pwogram oswa yon moun "twazyèm pati".
 - Yon egzanp pwogram afilye se yon ajans transpòtasyon ki bay sèvis otobis pou timoun ki nan pwogram nan
 - Yon egzanp yon moun afilye se tankou yon terapès ki gen kontra pou bay sèvis a timoun ki nan pwogram nan.
- **Kandida:** Kèlkeswa moun k ap chèche jwenn, renouvle oswa kenbe yon lisans oswa yon apwobasyon EEC; angaje yo nan yon travay oswa estaj pèmanan oswa tanporè, kit moun sa yo gen aksè san sipèvizyon ak timoun yo ap sèvi a; oswa travay kòm volontè nan yon kapasite san sipèvizyon nan pwogram ki gen lisans, apwouve oswa finanse pa EEC. Kandida pou gadri timoun nan fanmi yo enkli moun ki gen lisans ak asistan gadri timoun nan fanmi, ansanm ak manm kay la ak moun ki regilyèman nan lokal yon gadri timoun nan fanmi ki gen 15 an oswa plis. Kandida yo enkli moun ki bay sèvis pou timoun nan pwogram ki gen lisans, apwouve oswa finanse pa EEC nan yon kapasite san sipèvizyon, kit moun yo gen yon relasyon dirèk ak pwogram nan. Nou asime ke tout pèsonèl transpòtasyon yo gen aksè san sipèvizyon ak timoun yo.
- **Lisans Gadri/Swen Familyal:** Founisè gadri/swen familyal la oswa edikatè ki legalman responsab operasyon yon pwogram gadri familyal.
- **Detèminasyon Final sou Konpatibilite :** Yon konklizyon ki di yon kandida "apwopriye/konpatib" oswa "pa apwopriye/konpatib" apre li fin konplete tout eleman obligatwa nan pwosesis BRC EEC a
- **Pwogram ki Sibvansyone:** Kèlkeswa pwogram oswa moun ki egzante oswa ki pa a sijè a lisans oswa apwobasyon EEC epi ki resevwa finansman pou gadri/swen pou timoun ki sibvansyone pa EEC.

DEKLARASYON SOU RÈGLEMAN AN

Entwodiksyon

Lè yon kandida soti nan yon wòl/òganizasyon ki te deja egziste pou chanje ale nan yon nouvo wòl/òganizasyon, EEC gen otorite pou transfere detèminasyon final sou kalifikasyon kandida a nan sèten sikonstans

Yon kandida kòmanse pwosesis la lè li siyen yon fòm konsantman. Apre nou fin resevwa fòm konsantman kandida a, EEC detèmine si gen yon "Detèminasyon Final sou Konpatibilite" ki valab nan dosye a, sa vle di EEC te deja konkli ke kandida a te "konpatib" oswa "pa konpatib" pou anplwa a. Se pa tout kandida ki gen yon "Detèminasyon Final sou Konpatibilite" ki valab ki kalifye pou yon Transfè Konpatibilite.

Si EEC detèmine ke kandida a kalifye, EEC ap voye Sondaj Detèminasyon sou Konpatibilite a ba li pou l ranpli pa imèl. Selon repons kandida a, EEC ap swa transfere Detèminasyon Final sou Konpatibilite/Konvenabilite a nan nouvo wòl/pwogram nan, oswa mande kandida a pou l ranpli yon nouvo BRC. Ou ka jwenn [Sondaj Detèminasyon sou Konpatibilite/Konvnablite](#) a sou sitwèb EEC.

Kalifye pou yon Transfè Konpatibilite/Konvnablite

Yon kandida ka kalifye pou yon Transfè Konpatibilite si BRC li a toujou ajou, konpatib, epi enfòmasyon ki nan dosye a pa chanje depi dènye fwa yo te fin ranpli BRC yo a. Kandida k ap antre nan yon nouvo wòl oswa yon nouvo kalite pwogram pafwa kalifye pou yon Transfè Konpatibilite. Gade tablo [Transfè Konpatibilite](#) yo sou sitwèb EEC pou yon lis chanjman wòl, chanjman pwogram, ak kalifikasyon yo pou yon Transfè Konpatibilite.

Pa kalifye pou yon Transfè Konpatibilite

EEC otorize pou fè yon nouvo BRC pou yon kandida anvan dat renouvèlman BRC orijinal la si kandida a gen yon fòm konsantman valab nan dosye a, epi si sikonstans yo tonbe anba yon eksepsyon nan egzijans transfè konpatibilite EEC yo. EEC ap fè yon BRC konplè oswa pasyèl selon si EEC gen aksè a enfòmasyon ki nesèsè pou pran yon detèminasyon konpatib.

Yon kandida pa kalifye pou yon Transfè Konpatibilite nan sikonstans ki dekri anba a, dapre 606 CMR 14.09(3), menm si kandida a gen yon Detèminasyon Final sou Konpatibilite nan dosye li a. Kandida sa yo dwe ranpli yon nouvo BRC

1) Kandida a te demenaje ale ann yon lòt Eta epi li te pran yon poz nan Travay li/Afilyasyon li:

- Kandida ki demenaje kite Massachusetts depi dènye EEC BRC a te fin fèt epi ki fè yon ti kanpe nan travay li oswa afilyasyon li pou 30 jou oswa plis pase sa pa kalifye pou yon Transfè Konpatibilite.

2) Nouvo Aktivite BRC :

- Kandida ki gen nouvo akizasyon kriminel, yon nouvo ankèt/envestigasyon sou byennèt yon timoun, oswa ki anrejistre oswa klase kòm delenkan seksyèl nan Massachusetts oswa kèlkeswa lòt eta oswa teritwa pa kalifye pou yon Transfè Konpatibilite.
- Yo bay EEC enfòmasyon sa a atravè deklarasyon kandida a oswa yon lòt sous ki fyab.

3) Poz / Kanpe Travay :

- Kandida ki pran poz nan travay pou plis pase 180 jou konsekitif apre yo te afilye oswa anplwaye nan yon pwogram EEC pa kalifye pou yon Transfè Konpatibilite.
- Sonje byen ke EEC pa konsidere yon kandida ki pran konje kòm yon "poz nan travay". Kandida ki pran konje pou mwens pase 180 jou toujou anplwaye nan pwogram ou an epi yo kalifye pou yon Transfè Konpatibilite. Kèk egzanp tankou:

- Yon kandida ki pran Konje Medikal pou Fanmi I ke yo Peye I (PFML)
- Yon kandida ki pran konje pou l al lekòl epi ki kontinye travay pou pwogram nan pandan vakans lekòl yo.

4) Fo Enfòmasyon ak Enfòmasyon ki Ka Mal Gide Yon Moun:

- Kandida ki bay EEC enfòmasyon ki fo, ki ka mal gide/ twonpe moun, oswa ki pa konplè pa kalifye pou yon Transfè Konpatibilite, dapre 606 CMR 14.08(2)(a).
- Bay enfòmasyon ki pa kòrèk nan Sondaj Detèminasyon Konpatibilite a sou ansyen aktivite yo ka lakòz EEC konkli ke yon kandida te bay enfòmasyon ki fo oswa ki mal gide/twonpe moun.
- Pou plis enfòmasyon, gade 606 CMR 14.04 ak rèleman EEC a, "[Refize bay konsantman w; Refize Reponn a Demann ki gen Rapò ak Verifikasyon Antesedan; Bay Enfòmasyon ki Fo.](#)"

5) Aktivite Envestigasyon: Kandida ki ka enplike nan nenpòt ankèt sou yon konpòtman ilegal, sa ki enkli men ki pa limite sèlman de sa; yon ankèt EEC, DCF, oswa lapolis, pa kalifye pou yon Transfè Konpatibilite.

6) Enfòmasyon ki pa Konplè: Kandida ki gen enfòmasyon ki pa konplè – espesyalman yon akizasyon kriminel ki annatant oswa ouvè/ap dewoule, yon estati delenkan seksyèl, oswa yon ankèt sou byennèt timoun – ka pa kalifye pou yon Transfè Konpatibilite. EEC ka ranpli yon BRC EEC konplè oswa pasyèl pou jwenn enfòmasyon ki manke sou yon kandida.

7) Chanjman nan Wòl ou oswa Kalite Pwogram ou:

- Kandida k ap ale nan yon nouvo wòl oswa yon nouvo kalite pwogram pafwa kalifye pou yon Transfè Konpatibilite. Sistèm BRC Navigatè EEC a pèmèt pwosesis transfè konpatibilite a dewoule ant kalite pwogram ak wòl yo selon plizyè faktè.
- Kalite pwogram yo tonbe anba de (2) otorite anprent diferan. EEC egziye yon BRC konplè lè kandida a ap chanje kalite pwogram ki nan lis anba diferan otorite anprent. EEC ka mande tou yon BRC konplè si kandida a ap chanje kalite pwogram nan menm otorite anprent lan.
- Tanpri gade tablo [Transfè Konpatibilite](#) yo sou sitwèb EEC a pou plis enfòmasyon. Tablo sa yo prezante kalite chanjman wòl ak chanjman kalite pwogram ki kalifye pou yon transfè konpatibilite. Tablo yo òganize pa kalite pwogram: pwogram FCC, pwogram GSA, pwogram finans, pwogram rezidansyèl, ak pwogram plasman.

OBSOLÈT (RÈGLEMAN KI CHANJE YO)

Yo te mete ajou règleman sa a an 2025 pou refilete amelyorasyon ki te fèt nan sistèm BRC Navigatè a. Li ranplase règleman "Transfè Konpatibilite Dosye Antereyan pou tout Kalite Pwogram yo," ki te pibliye an Septanm 2019.

KESYON YO POZE SOUVAN (FAQs)

1. Èske anplwaye Entèvansyon pou Timoun Piti yo (EI) kalifye pou yon transfè Konpatibilite?

Entèvansyon pou Timoun Piti (EI) se yon sèvis devlopman ki entegre nan tout Eta yo, ki disponib pou fanmi ki gen timoun ki nan laj ant nesans ak twa zan epi ki sipèvize pa Depatman Sante Piblik (DPH). Anplwaye Entèvansyon Pou Timoun Piti yo pa oblije sibi yon Verifikasyon Antesedan Dosye EEC yo, olye de sa yo dwe fè yon verifikasyon antesedan jan sa espesifye nan Nòm Operasyonèl Entèvansyon Timoun Piti yo (CORI ak SORI) epi jan kontra a egzije sa. **Se poutèt sa, anplwaye EI yo pa kalifye pou yon Transfè Konpatibilite.** Pou plis enfòmasyon, gade règleman EEC "[Verifikasyon Antesedan Dosye Anplwaye Entèvansyon pou Timoun Piti yo ak Founisè Sèvis Espesyalize nan Anviwònman Edikasyon ak Swen/Gadri pou Timoun Piti yo.](#)"

2. Mwen se yon pwofesè mizik ki travay pou plizyè pwogram Gwoup ak Laj Lekòl (GSA) kòm yon kontraktè. Èske mwen bezwen aplike pou Verifikasyon Antesedan mwen an apa pou chak pwogram ?

Non, ou pa bezwen fè sa. Ou se yon "Moun ki Afilye," (gade seksyon "Definisyon" yo pou plis enfòmasyon). Sa vle di ke Detèminasyon Konpatibilite w la ap transfere ant pwogram GSA ou siyen kontra avèk yo. Chak pwogram toujou bezwen soumèt yon Fòm Konsantman BRC pou kòmanse pwosesis Transfè Konpatibilite a.

3. Mwen se yon pwofesè mizik ki travay pou diferan kalite pwogram kòm yon kontraktè. Èske mwen bezwen aplike pou yon verifikasyon antesedan dosye m yo apa pou chak pwogram?

Sa depan. Si ou se yon "Moun ki Afilye" ki travay pou diferan kalite pwogram, tanpri tcheke tablo [Transfè Konpatibilite](#) yo sou sitwèb EEC. Gade tablo "Chanjman Kalite Pwogram" yo pou wè si yon Transfè Konpatibilite ant de (2) kalite pwogram yo posib.

Pa egzanp: si ou gen kontra avèk yon GSA epi yon FCC, yon transfè Konpatibilite posib. Si ou gen kontra avèk yon GSA epi yon Pwogram Rezidansyèl, yon transfè Konpatibilite pa posib.

4. Mwen dirije yon Pwogram FCC; pitit fi mwen an ap viv avè m epi li gen plan pou l travay kòm asistan nan pwogram mwen an tou. Kijan li ta dwe jere pwosesis Verifikasyon Antesedan Dosye li a?

Pitit fi ou a ap bezwen aplike pou de (2) Verifikasyon Antesedan: youn kòm yon Manm Kay FCC ak youn kòm yon Asistan FCC. EEC rekòmande pou li aplike kòm yon Asistan FCC an premye, epi answit kòm yon Manm Kay FCC. Li ta dwe aplike nan lòd sa a paske Detèminasyon Konpatibilite a gen plis chans pou transfere soti nan Asistan FCC pou ale nan Manm Kay FCC pase vis vèsà

5. Konbyen tan kesyon ki nan Sondaj Detèminasyon sou Konpatibilite a ap pran ?

Tanpri reponn kesyon sa yo pou **dènye peryòd ou te soumèt EEC BRC ou a jiska jounen jodi a**. Pa egzanp, lè w ap reponn kesyon an, "Dapre sa w sonje, èske EEC ouwa Administratè Pwogram BRC a te dekouvri ke ou te bay enfòmasyon ki fo, ki twonpe/mal gide nou, ouwa ki pa konplè?", ou ta dwe reponn si EEC ouwa yon Administratè Pwogram BRC te dekouvri ke ou te bay enfòmasyon ki fo, ki twonpe/mal gide moun ouwa ki pa konplè depi dènye fwa ou te soumèt yon BRC jiska jou w ap ranpli Sondaj Detèminasyon sou Konpatibilite a.

ENFÒMASYON ANPLIS

- Ou ka jwenn [Sondaj Detèminasyon Sou Konpatibilite](#) a sou sitwèb EEC a nan lyen sa.
- Tanpri gade tablo [Transfè Konpatibilite](#) yo sou sitwèb EEC. Tablo sa yo prezante kalite chanjman Wòl ak chanjman Kalite Pwogram ki kalifye pou yon transfè konpatibilite. Tablo yo òganize pa kalite pwogram: pwogram FCC, pwogram GSA, Pwogram Finanse, pwogram Rezidansyèl, ak Plasman Pwogram nan.
- [Kesyon Yo Poze Souvan](#) (FAQs)